

AJANS POU MOUN ANDIKAPE (APD)
KONSANTMAN POU JWENN OSWA POU DIVILGE ENFÒMASYON PWOTEJE SOU SANTE

NON FANMI OU	PRENON OU	DAT OU FÈT
ADRÈS RI	ETA	KOD POSTAL
NIMEWO TELEFÒN LAKAY	NIMEWO TELEFÒN PÒTAB	ADRÈS IMÈL

[—] Isit la mwen bay konsantman san okenn presyon epi ak tout volonte m epi mwen otorize Ajans pou Moun Andikape (“APD), oswa ajan oswa reprezantan li yo, **pou jwenn** enfòmasyon pwoteje sou sante mwen yo nan men moun, ajans, enstitisyon, oswa antite ki deklare pi ba a nan objektif pou kapab bay tretman, pèman, ak operasyon swen sante yo.

[—] Isit la mwen bay konsantman san okenn presyon epi ak tout volonte m epi mwen otorize Ajans pou Moun Andikape (“APD), oswa ajan oswa reprezantan li yo, **pou jwenn sèlman kèk pati** espesifik nan enfòmasyon pwoteje sou sante mwen yo nan men moun, ajans, enstitisyon, oswa antite ki deklare pi ba a nan objektif pou kapab bay tretman, pèman, ak operasyon swen sante yo.

[—] Isit la mwen bay konsantman san okenn presyon epi ak tout volonte m epi mwen otorize Ajans pou Moun Andikape (“APD), oswa ajan oswa reprezantan li yo, **pou diskite, jwenn aksè, itilize, ak/oswa divilge dosye** ki lye ak nan enfòmasyon pwoteje sou sante mwen yo bay oswa nan men moun, ajans, enstitisyon, oswa antite ki deklare pi ba a nan objektif pou kapab bay tretman, pèman, ak operasyon swen sante yo.

Yo pral jwenn aksè, itilize, oswa divilge enfòmasyon yo mande yo pou objektif sa yo:

<input type="checkbox"/> Rapò Medikal	<input type="checkbox"/>	Rapò Sèvis Sosyal
<input type="checkbox"/> Dosye ak Plan Akademik	<input type="checkbox"/>	Rapò sou Diskou ak Odisyon
<input type="checkbox"/> Plan Adaptasyon / Plan Sipò	<input type="checkbox"/>	Rapò Terapi Fizik
<input type="checkbox"/> Rapò Sikolojik	<input type="checkbox"/>	Rapò Terapi Okipasyonèl
<input type="checkbox"/> Lòt (Tanpri presize)		

Non, adrès, nimewo telefòn, adrès imèl, ak/oswa nimewo faks moun, ajans, enstitisyon, oswa antite yo jwenn

Non, adrès, nimewo telefòn, adrès imèl, ak/oswa nimewo faks moun nan, ajans, enstitisyon, oswa antite yo kapab diskite ak/oswa divilge enfòmasyon pwoteje sou sante yo avèk yo:

- Mwen konprann ke yo kapab jwenn aksè, diskite, itilize, ak/oswa pataje enfòmasyon pwoteje sou sante mwen yo pou rezon trètman, pèman, operasyon swen sante, epi jan lalwa otorize oswa egzije sa nan yon lòt fason.
- Epitou mwen konprann ke benefisyè a kapab tounen divilge enfòmasyon yo divilge selon Konsantman pou Jwenn oswa pou Divilge Enfòmasyon. Pwoteje sou Sante yo epi yo kapab pa pwoteje enfòmasyon sou sante mwen yo ankò selon lwa federal oswa lwa eta a, si benefisyè enfòmasyon yo gen obligasyon pou rèspekète egzijans HIPAA a.
- Mwen konprann ke mwen kapab anile Konsantman sa a alekri avèk APD, eksepte nan mezi yo te pran mezi sa a selon Konsantman sa a pou Jwenn oswa pou Divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante yo.
- Mwen konnen mwen kapab enspekte oswa kopye tout enfòmasyon ki itilize / divilge selon konsantman sa a.

Konsantman sa a ekspire nan dat _____. Mwen konprann ke si mwen pa te anile konsantman sa a oswa si li pa presize yon dat ekspirasyon pou konsantman an, I ap otomatikman ekspire nan katrevendis (90) jou apati dat mwen siyen konsantman an.

Avèk siyati ou pi ba a, ou rekonèt ke ou konprann epi ou dakò ak enfòmasyon ki pi wo yo.

Siyati Kliyan an		Dat	
------------------	--	-----	--

Si ou se yon reprezantan legal kliyan an, ou dwe deklare tit ou epi bay dokiman ki pwouve otorite legal ou pou aji nan non kliyan an.

Siyati Kliyan oswa Reprezantan Legal la		Dat	Relasyon ak Reprezantan Legal la
---	--	-----	----------------------------------